

Byenveni nan Fanmi Xello pou Paran/Responsab

Byenveni nan Fanmi *Xello*! Nou kontan pou nou asosye avèk ou nan sipòte eksperyans pitit ou a nan siksè alavni. *Xello* se yon pwogram sou entènèt ki enteresan, ki ede elèv yo devlope konpetans yo, konesans, ak plan yo bezwen pou navige nan chemen akademik ak karyè yo.

Kisa Xello ye?

Xello se yon platfòm inovatè ki fèt pou pèmèt elèv nan Klas Jadendanfan rive 12^{yèm} ane pou eksplòre enterè yo, devlope pwòp konesans yo, epi kreye objektif akademik ak karyè ki enpòtan. Atravè leson entèaktif, zouti pou evalye pwòp yo, ak eksplorasyon karyè, *Xello* ekipe elèv yo avèk zouti yo bezwen pou pran bon desizyon sou avni yo.

Kòman ou Kapab Sipòte Pitit ou a avèk Xello?

Antanke paran oswa responsab, ou jwe yon wòl esansyèl nan gide chwa edikatif ak karyè pitit ou a. *Xello* ofri w yon opòtinite inik pou w rete enplike nan pwosesis planifikasyon pitit ou a. Ou pral gen aksè ak yon kont paran/responsab, kote ou kapab:

- Eksplòre opsyon karyè ak pitit ou a.
- Revize epi diskite sou enterè, fòs, ak objektif yo.
- Sipòte planifikasyon kou yo ak desizyon apre lekòl segondè.

Kisa ou Kapab Atann?

Pandan ane eskolè a, pitit ou a pral angaje avèk *Xello* nan salklas la, epi travay sou devwa ak aktivite ki ede yo konprann pi byen enterè pèsonel yo ak aspirasyon alavni. Ou kapab espere wè pitit ou a k ap eksplòre gwoup karyè, fè rechèch sou kolèj, prepare rezime, epi kreye objektif kout ak alontèm.

Ann Kòmanse!

Nou ankouraje w pou w jwe yon wòl aktif nan eksperyans pitit ou a. Konekte nan *Xello* avèk kont paran/responsab ou epi eksplòre resous ki disponib pou ede gide konvèsasyon sou plan akademik ak karyè yo. Nou gen konfyans *Xello* pral yon zouti valab pou ede pitit ou a reyisi nan toude, lekòl ak nan lavi.

Kont *Xello Family* se yon karakteristik enteresan ki pèmèt ou kolabore avèk pitit ou a nan planifikasyon epi prepare pou lavi apre lekòl segondè. Sa a se yon opòtinite pou diskite, reflechi, epi sipòte objektif ak aspirasyon yo pou lavni.



Kont Fanmi Xello ou

A. Konekte nan Kont ou

Lè lekòl oswa distri pitit ou a kreye yon kont *Xello Family* pou ou, w ap resevwa yon imèl. Imèl la pral enkli yon lyen pou aktive kont ou a nan 7 jou apre w resevwa li. Tout sa w ap bezwen fè pou kòmanse se kreye yon modpas.


Remak: Si ou pa t resevwa imèl aktivasyon an, li kapab nan fichye *Spam* ou a. Fè sèten ou retire "xello.world" nan paramèt *spam* imel ou a pou w resevwa mesaj sa a ak lòt mesaj yo nan Xello.

Si ou bliye modpas ou:

1. Vizite <https://login.xello.world>
2. Klike sou **Having trouble signing in?**
3. Antre imel adrès ou epi klike **Send Email**.
4. Ou pral resevwa yon imel pou remete modpas *Xello Family* ou a. Si ou pa gen yon kont *Xello Family*, mande pwofesè pitit ou a pou li kreye youn pou ou

B. Aprann Itilize Kont Ou a

Dashboard la se premye paj ou pral wè lè ou konekte. La a, ou kapab jere kont pèsònèl ou, tcheke devwa pitit ou a, epi jwenn aksè nan kont demo a.



1. **Jere kont pèsònèl ou a**
 - Pèsonalize kont pèsònèl ou. Jwenn aksè nan pwofil meni nan anwo nan kwen adwat nenpòt paj. Telekopye yon pwofil foto, ajoute yon nimewo telefòn, oswa chanje langaj la.
2. **Gade devwa pitit ou a**
 - Tcheke devwa pitit ou a te fè. Klike sou non yo pou kòmanse. Si ou gen plis pase yon timoun k ap itilize Xello, yo chak ap gen pwòp pwofil yo pou w kapab revize.
3. **Eseye Xello pou kont ou**
 - Chwazi yon klas epi kòmanse eksplòre. Sèvi avèk opòtinite sa a pou fè eksperyans sou sa pitit ou a ap travay nan lekòl la. Eseye yon Leson, konplete yon evalyasyon, oswa eksplòre karyè yo!



Avanse avèk Xello Family

Pou w pare epi eksite pou *Xello Family*, itilize resous siplemantè anba yo.

- **Pou Paran/responsab Kòmmanse**
 - Ede paran ak responsab yo konekte epi itilize kont *Xello Family* yo.
- **Entwoudui nan bwochi Xello Family**

Tcheke atik blog *Xello* sa yo:

- **[How to build relationships with parents to create a seamless future readiness experience for students](#)**
- **[Why parental involvement in children's education leads to student success](#)**